Mass General Brigham

On Website

# Revize Rezilta Tès yo nan Patient Gateway

Ou ka revize rezilta yo nan paj **Rezilta Tès yo** . Nouvo rezilta ak kòmantè ap parèt an karaktè gra. Klike sou nenpòt rezilta pou revize li.

**Nòt enpòtan:**

- Rezilta yo parèt nan Patient Gateway sito ke yo fini. Sa vle di ke ou ka wè rezilta yo anvan ekip swen ou an gen yon chans pou yo revize yo.
- Gen kèk tès ki tounen pi bonè pase lòt. Ekip swen ou an ka tann tout bagay tounen anvan yo kontakte w. Si w gen yon randevou k ap vini, yo ka revize rezilta yo nan randevou k ap vini an.




- Doktè w la ka ekri yon lèt sou rezilta w yo. W ap resevwa yon rapèl konsènan yon "**Nouvo Lèt Founisè**". Klike sou "Gade Lèt yo" pou li lèt la.

**On Website**




- Doktè w la ka ekri yon nòt kout sou rezilta olye de yon lèt. W ap resevwa yon rapèl konsènan "**Nouvo Enfòmasyon sou Rezilta Tès la**". Klike "Gade Rezilta yo" pou wè rezilta a ak kòmantè founisè yo.






Mass General Brigham

**On Mobile App**

Rezilta nan ranje vèt yo nòmal.

Rezilta nan ranje jòn yo pa nòmal. Se pa tout rezilta ki make kòm "anòmal" ki se rezon pou enkyetid. Ekip swen ou an ka eksplike ki tès ki bezwen atansyon moman tout rezilta yo disponib.




Pou enfòmasyon jeneral sou yon tès laboratwa, klike sou "I" ki akote non tès la. Nan ka sa a, ou ka li sou yon CBC, oswa "Emogram."



- Pou wè imaj tès yo, tankou radyografi, klike sou bouton **Montre imaj** ki anba "Imaj Egzamen yo." Tanpri sonje ke se pa tout imaj yo ki ka wè atravè Patient Gateway. Si w bezwen yon kopi imaj ou yo, tanpri kontakte depatman radyoloji ki te fè tès la.




*Pou èd, tanpri rele Sipò Teknik (Technical Support) Patient Gateway nan 800-745-9683 oswa revize paj[Sipò Teknik/FAQ](). Lyen pou Sipò Teknik/FAQ yo disponib nan pati anba chak paj nan sitwèb Patient Gateway la. Sou aplikasyon mobil lan, ale nan 'Meni' epi chèche "Èd".*